**दिन–शनिवार** **दिनांक–01.11.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

छओ नवम्बर के होबयवला विधानसभा चुनावक पहिल चरणक मतदानक लेल प्रचार अभियान चरम पर अछि। यद्यपि, खराप मौसमक कारणे विभिन्न राजनीतिक दलक कतेको चुनावी सभा आइ सेहो नहि भऽ सकल। नेता आ स्टार प्रचारक लोकनि वीडियो कॉन्फ्रेंस आ मोबाईल फोनक माध्यम सँ लोक सभ कँ संबोधित कयलनि। भाजपा अध्यक्ष जे.पी. नड्डा वीडियो कॉन्फ्रेंसक माध्यमे सीवान मे एक चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। श्री नड्डा कहलनि जे बिहार जंगलराज सँ निकल गेल अछि आ आब विकासक रस्ता पर अग्रसर अछि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाह वीडियो कॉन्फ्रेंसक माध्यमे गोपालगंज मे एक जनसभा के संबोधित करैत कहलनि जे बिहार मे आब नरसंहारक स्थान पर सुशासन कँ राज अछि। जदयू अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार वैशालीक महुआ आ जंदाहा मे एनडीए प्रत्याशी सभक समर्थन मे चुनावी सभा सभ कँ संबोधित कयलनि। श्री कुमार कहलनि जे सत्ता सम्हारबाक बाद ओ राज्यक विकासक लेल सभ संभव काज कयलनि अछि।

राजदक वरिष्ठ नेता आ महागठबंधनक मुख्यमंत्री पद कँ चेहरा तेजस्वी प्रसाद यादव आइ कतेको जनसभा सभ कँ मोबाईल फोन कँ माध्यम सँ संबोधित कयलनि। बाद मे मौसम सामान्य होयबा पर ओ सीवानक रघुनाथपुर मे पार्टी प्रत्याशीक समर्थन मे आयोजित जनसभा मे सम्मिलित भेलाह। ओ कहलनि जे महागठबंधन जे सभ घोषणा कयलक अछि, ओहि कँ ओ पूरा करताह। कांग्रेसक राष्ट्रीय महासचिव प्रियंका गांधी बेगूसरायक बछवाड़ा मे चुनावी सभा कँ संबोधित करैत राज्यक वर्तमान सरकार पर लोकलुभावन योजना सभक माध्यम सँ वोट बैंकक राजनीति करबाक आरोप लगौलनि। भाकपा–मालेक राष्ट्रीय महासचिव दीपंकर भट्टाचार्य समस्तीपुरक कल्याणपुर विधानसभा क्षेत्र मे पार्टी उम्मीदवार रंजीत राम कँ समर्थन मे चुनावी सभा कँ संबोधित कयलनि। ओ कहलनि जे महागठबंधनक सरकार बनबा पर घोषणा पत्र मे जे कोनो वादा कयल गेल अछि, ओकरा पूरा कयल जायत। समाजवादी पार्टीक अध्यक्ष अखिलेश यादव आइ दरभंगाक बहादुरपुर मे महागठबंधन उम्मीदवारक पक्ष मे एक चुनावी रैली कँ संबोधित करैत आरोप लगौलनि जे एनडीए युवा सभ कँ नोकरी देबाक नाम पर सदिखन सँ ठकलक अछि।

—————————————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी काल्हि आरा आओर नवादा मे चुनावी सभा कँ संबोधित करताह। श्री मोदी काल्हि पटना मे रोड–शो सेहो करताह। तय कार्यक्रमक अनुसार प्रधानमंत्री कँ रोड–शो पटनाक राजेन्द्र नगर स्थित दिनकर गोलम्बर सँ नाला रोड, ठाकुरबारी रोड, बारी पथ आ बाकरगंज होइत उद्योग भवन धरि होयत। एहि रोड–शो कँ माध्यमे श्री मोदी पटना जिलाक चौदह विधानसभा सीटक एनडीए उम्मीदवार सभक लेल वोटक अपील करताह।

—————————————————————————————

पटनाक मोकामा मे दुलारचंद यादव कँ हत्याक मामिला मे घोसवरी थानाध्यक्ष मधुसुदन कुमार आ भदौर थानाध्यक्ष रवि रंजन कँ निलंबित कऽ देल गेल अछि। पटनाक ग्रामीण एसपी विक्रम सिहाग जनौलनि जे कर्तव्य मे लापरवाहीक आरोप मे दुनू अधिकारी कँ निलंबित कयल गेल। एसपी जनौलनि जे एहि मामिला मे पैंतीस लोक सभक गिरफ्तारी भेल अछि, जिनका सभ सँ पूछताछ कयल जा रहल अछि। एम्हर, दुलारचंद यादव कँ पोस्टमार्टम रिपोर्टक अनुसार हुनक मृत्यु फेफड़ा फटबा आ आंतरिक रक्तस्त्रावक कारणे भेल। हुनक रीढ़क हड्डी टुटल पाओल गेल। संगहि, माथ, ठेहुन आ छाबा पर गंभीर चोट पाओल गेल। एकर संगहि, हुनक दहिना पएर लग गोली लगबाक चिन्ह सेहो पाओल गेल।

—————————————————————————————

चक्रवाती तूफान मोन्थाक प्रभाव सँ प्रदेशक अधिकतर भाग मे थमि–थमि कऽ वर्षा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान खगड़ियाक बलतारा मे सभ सँ बेसी एक सय सत्तरि मिलीमीटर वर्षा रेकॉर्ड कयल गेल। ओतहि, मुंगेरक संग्रामपुर मे एक सय पचपन मिलीमीटर वर्षा दर्ज कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल जे **आइ** किशनगंज आ कटिहार जिला मे किछु स्थान पर भारी वर्षा भऽ सकैत अछि। काल्हि सँ मौसम साफ रहबाक संभावना अछि।

—————————————————————————————

आइ देवउठान एकादशी अछि। मान्यताक अनुसार आजुक दिन भगवान विष्णु चारि मास बाद योग निद्रा सँ जगैत छथि। एकर संगहि, चतुर्मासक समापन होइत अछि आ मांगलिक काज सभ प्रारंभ होइत अछि। आजुक दिन तुलसी–शालीग्राम विवाहक सेहो परंपरा अछि।

————————————————————————————

समाप्त भेल।